



**PWOSÈ VÈBAL OFISYÈL ENTÈVYOU AVÈK FINALIS SIRETANDAN KOMITE  
LEKÒL BOSTON NAN Doktè TOMMY WELCH**

**24 Juin 2022**

Komite Lekòl Boston nan te òganize yon reyinyon an pèsòn ki te an dirèk sou Zoom ak sou Televizyon Boston City TV 24 Jen 2022 a 5:30 p.m. nan Sal Komite Lekòl Bruce C. Bolling Municipal Building, 2300 Washington Street, Roxbury, MA 02119. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sa ki ekri anba yo, ale sou [www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee](http://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee), imèl [feedback@bostonpublicschools.org](mailto:feedback@bostonpublicschools.org) oswa rele Biwo komite lekòl Boston nan (617) 635-9014.

**PREZANS**

Manm Komite a ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael O'Neill; Stephen Alkins; Lorena Lopera; Rafaela Polanco Garcia ak Quoc Tran.

Manm Komite Lekòl ki Absan yo: Brandon Cardet-Hernandez; ak Repezantan Elèv Xyra Mercer.

**DOKIMAN YO TE PREZANTE**

Pa t genyen.

**RAPÈL A LÒD**

Prezidan Jeri Robinson te kòmanse reyinyon an e te fè moun yo fè sèman angajman. Li te anonse ke divès sèvis entèpretasyon an menm tan an dirèk te disponib nan nèf lang prensipal BPS yo vya Zoom.

Madam Robinson te esplike ke Komite Rechèch Siretandan te rive chaje pa Komite Lekòl la pou dirije yon rechèch apwofondi pou pwochen dirijan Lekòl Piblik Boston yo. Kòmanse nan Mas, yo te kòmanse pa òganize yon seri seyans ekout piblik ak reyinyon entèvenan kominote yo. Kòmantè elèv yo, fanmi yo, edikatè yo, ak lòt patnè kominotè yo te eksprime yo te entegre nan deskripsyon pòs Siretandan epi te enfòm sou kesyon entèvyou manm Kominote Rechèch yo. Kòmanse avèk 34 kandida, Komite Rechèch la te redwi gwoup la a 8 kandida pandan tout mwa Me a ak Jen an, epi mennen plizyè pati entèvyou avèk kandida yo. Nan dat 17 Jen, Komite Rechèch la te mennen deliberasyon final li yo epi te vote pou chwazi yon gwoup finalis pou konsiderasyon Komite Lekòl la. De kandida te depi lè sa retire tèt yo nan pwosesis la avan yo kòmanse entèvyou piblik yo. De kandida final yo se: Mary Skipper, Siretandan Somerville

*Entèvyou Avèk Finalis Sirentandan Komite Lekòl Boston nan: Doktè Tommy Welch*

*Bruce C. Bolling Municipal Building*

*vendredi 24 juin 2022*

Public Schools, ak Doktè Tommy Welch, Sirentandan Region 1 School nan Lekòl Piblik Boston yo.

## REZIME ENTÈVYOU A

Doktè Welch te founi yon deklarasyon ouvri nan pataje eksperyans li kòm yon edikatè bileng, Sirentandan Region 1 ak paran BPS aktyèl. Li te pale sou eksperyans li nan fèmèn eka opòtinite ak reyisit yo ansanm ak Iyen pwofon li ak angajman li nan Boston. Li te aksantye sou enpòtans pou konstwi konfyans epi te dekri tèt li kòm alafwa yon moun k ap fè ak yon egzekitan.

Doktè Alkins te mande Doktè Welch ki estrateji espesifik li te itilize pou amelyore rezilta elèv Nwa yo, ki rezilta ak mezi li te itilize, ak kòman li te abòde rasism sistemik lan. Doktè Welch te pale sou fè patenarya avèk kominote a pou kreye divès lekòl akeyan k ap sèvi tout elèv yo.

Nan remake ke lang ki pi pale nan BPS nou an apa de anglè se espanyòl, Madam Lopera te poze kesyon li a nan alafwa espanyòl ak anglè. Li te mande Doktè Welch kòman li te fè kreye divès patenarya pozitif avèk elèv yo, fanmi yo, ak manm kominotè ki pale yon lòt lang apa de anglè. Mesye Welch te reponn dabò an espanyòl, apre sa an anglè. Li te rakonte eksperyans travay li avèk paran yo nan South Central Los Angeles Anglè yo etabli yon lekòl pou Aprenan Anglè yo (ELLs).

Mesye Lopera te mande Doktè Welch si li angaje pou asire aksè ak lang natif la pou aprenan multilang yo ak aprenan multilang ki andikape yo. Doktè Welch te deklare li t ap eksplwate pwogram admisyon divèsite pwofesè a ansanm ak pwogram kadè pwofesè a nan BPS pou rekrite ak anplwaye pwofesè divèsifye rasyal ak lengwistik yo.

Madam Polanco Garcia te poze Doktè Welch kesyon sou filozofi li ak angajman pou bay aksè ak lang natif la ak literasi nan lang natif la. Mesye Welch te reponn dabò an espanyòl, apre sa an anglè. Li te aksantye enpòtans pou kenbe metriz lang natif la epi te afime angajman li pou kenbe ak soutni pwofesè bileng yo.

Mesye Tran te mande Doktè Welch pou definisyon pèsònèl li sou ekite. Doktè Welch te di ekite vle di bay a chak elèv sa yo bezwen pou reyisi. Sijè sou rechèch doktora li a se te planifikasyon relèv nan distri lavil yo sou ang ekite. Li te pale sou ekite an tèm rezilta, opòtinite, angajman, ak sistèm.

Madam Robinson te li yon kesyon nan non Mesye Cardet-Hernandez pandan li mande Doktè Welch pou bay prèv sou travay li nan refòm edikasyon espesyal la ansanm ak jistis andikape a. Doktè Welch te pale sou eksperyans reyisit li nan L.A. nan soutni elèv ki andikape yo.

Madam Robinson te li yon kesyon nan non Madam Mercer pandan li mande Doktè Welch ki panse li genyen sou elèv k ap jwe yon wol kle nan edikasyon pa yo epi te mande li nan ki frekans li ta renmen rankontre ak lidè elèv yo. Doktè Welch te pale sou enpòtans ajans elèv yo. Li te angaje nan rann tèt li disponib pou elèv yo antan ke yon sirentandan.

Mesye O'Neill te sonje li te vizite divès lekòl inovan nan Los Angeles avèk Doktè Welch kèk ane pase nan kad travay rekonsepsyon lekòl segondè BPS la. Mesye O'Neill te poze Doktè

*Entèvyou Avèk Finalis Sirentandan Komite Lekòl Boston nan: Doktè Tommy Welch*

*Bruce C. Bolling Municipal Building*

*vendredi 24 juin 2022*

Welch kesyon sou apwòch li sou jesyon bidjetè a, investisman fon sekou ijans pou Lekòl Elemantè ak Segondè yo (ESSER), epi jenere fon prive. Doktè Welch te pale sou apwòch pwogresif li pou akselere fon ESSER yo pandan senk an. Li te pale sou enpòtans pou investi fon prive nan yon fason ki sible ak pèkitan.

Madam Robinson te mande Doktè Welch apwòch li pou pozisyon Biwo Eka Opòtinite a pou li kapab genyen yon enpak maksimòm nan apwofondisman konsyans antirasis ak rediksyon opòtinite ak eka reyisit pou popilasyon elèv ki plis majinalize yo – ki gen ladan yo elèv koulè yo, aprenan lang anglè yo, elèv ki andikape yo, ak elèv ki gen antesedan sosyo ekonomik fèb yo menm jan pou divès egzanp reyisit demontre. Mesye Welch te pale sou ekspansyon Biwo Eka Opòtinite distri a pandan dènye ane yo. Li te site zouti planifikasyon ekite rasyal la ansanm ak tab wonn sou ekite yo kòm divès egzanp travay sou ekite rasyal ak antirasis distri a. Li te di li te reyisi jere divès sibvansyon pou soutni patisipasyon elèv ELL yo ansanm ak edikasyon espesyal nan akademi akselerasyon yo.

Doktè Alkins te mande Doktè Welch kòman li t ap rebati konfyans avèk kominote BPS la. Doktè Welch te deklare li t ap enkli tout vwa yo, angaje nan divès konvèzasyon difisil, epi ede fanmi yo konprann rezon ki fè pwopozisyon yo ap rive fèt pa dirijan distri yo. Li te mete aksan sou enpòtans kominikasyon ak mizannè.

Madam Lopera te mande Doktè Welch ki estrateji li t ap deplwaye nanpanse sou distribye divès resous, kenbe nan tèt li tandans pou diminye enskripsyon yo, pè pou pètibasyon ak itilizasyon aterisaj an dousè. Doktè Welch te pale sou enpòtans kòman li pwoaktif. Madam Lopera te poze Doktè Welch kesyon sou eksperyans li bò kote elèv ki andeyò pis la. Doktè Welch te pale sou eksperyans li pou soutni ansèyman altènatif nan BPS, deklare li te egzamine done yo pou bay elèv yo sipò ki sible.

Madam Polanco Garcia te poze Doktè Welch kesyon sou apwòch li nan rekritman yo, bay lisans ak kenbe pwofesè ak pèsònèl konpetan yo pou anseye nan omwen de (2) lang konsa tou sou reyisit yo ak defi yo. Mesye Welch te reponn dabò an espanyòl, apre sa an anglè. Li te pale sou eksperyans li nan rekrute yon pèsònèl divèsifye, bileng nan East Boston.

Mesye Tran te mande Doktè Welch kisa ki t ap twa premye priyorite li yo pou premye twa mwa li yo kòm sirentandan. Doktè Welch te deklare li t ap bay priyorite ak preparasyon yon ouvèti an dousè pou nouvel ane lekòl la, ak investisman ESSER yo, epi bati yon ekip lidèchip solid.

Madam Robinson te li yon kesyon nan non Mesye Cardet-Hernandez pandan li te mande Doktè Welch estrateji li pou ranfòse kilti lekòl la, bati ak rebati konfyans avèk fanmi yo, epi aje pi vit pou abòde zafè entimidasyon an. Doktè Welch te deklare ke BPS bezwen pou kominike pi laj resous ki disponib pou fanmi yo. Li te mete aksan sou enpòtans pou bonè epi mete an èv politik yo.

Madam Robinson te li yon kesyon nan non Madam Mercer nan mande Doktè Welch kòman li t ap soutni lidèchip elèv yo, espesyalman, Konsèy Konsiltasyon Elèv Boston yo (BSAC), epi ki etap li t ap pran aprè elèv yo fin pwoteste oubyen ap pwoteste. Doktè Welch te pale sou enpòtans pou asire sekirite elèv yo pou elèv ki ap pwoteste yo epi te afime angajman li pou fè tande vwa elèv yo.

*Entèvyou Avèk Finalis Sirentandan Komite Lekòl Boston nan: Doktè Tommy Welch*

*Bruce C. Bolling Municipal Building*

*vendredi 24 juin 2022*

Mesye O'Neill te mande Doktè Welch si li dakò pou distri a responsab pou asire reysisit elèv yo odela de gradiyasyon lekòl segondè ak kisa li t ap chanje. Doktè Welch te deklare ke Madison Park Technical Vocational High School aktyèlman sou itilize epi gen yon potansyèl enòm. Li te deklare li t ap eksplòre ouvèti yon pwogram edikasyon adilt la nan aswè. Mesye O'Neill te poze Doktè Welch kesyon sou panse li yo konsènan lekòl kominote santral yo. Doktè Welch te deklare li ta renmen elaji lekòl kominotè santral yo ki ofri divès sèvis konplè pou elèv yo ak fanmi yo. Li te pataje eksperyans li yo sou transfòmasyon Umana Academy nan East Boston an yon lekòl kominote santral.

Madam Robinson te mande Doktè Welch kòman li t ap desine yon biwo santral koyezif ki ofri yon soutyen ak yon sèvis kalite ak lekòl yo pou divès rezilta ekitab pou elèv yo. Doktè Welch te deklare li t ap kreye yon tablo debò done pou swiv domèn travay prensipal yo epi pataje pi bon pratik yo.

Madam Robinson te envite Doktè Welch pou poze Komite a yon kesyon. Doktè Welch te mande manm Komite a kòman yo t ap konsidere jwenn pwochen sirentandan an responsab. Mesye O'Neill te esplikè ke evalyasyon pèfòmans anyèl Komite a sou sirentandan diferan pou premye ane a pa rapò ak lòt ane yo. Li te deklare ke Komite a pral egzamine pwobableman de prè pwochen plan 100 jou sirentandan, menm jan pou pwogrè ki fèt avèk nan kesyon konstitisyon ekip la, ranfòsman konfyans ak transparans, ouvèti lekòl, ak kolaborasyon avèk Depatman Ansèyman Primè ak Segondè MA (DESE). Madam Robinson te pale sou enpòtans kominikasyon regilye ant sirentandan ak Komite a. Doktè Welch te deklare antan ke sirentandan, li t ap bay regilyèman divès mezi transparan, ki lye ak elèv yo. Li te deklare li vle pou yo konsidere li piblikman responsab de rezilta elèv yo. Madam Robinson te deklare ke DESE pral pwobableman bezwen rapò regilye epi Komite a pral egzamine regilyèman objektif li yo ak valè li yo.

Doktè Welch te fè yon deklarasyon pou konkli, site eksperyans li antan ke pwofesè ke konsèy la sètifye, yon aprenan lang espanyòl, yon jesyonè sistèm, ak yon paran BPS aktyèl. Si yo chwazi li kòm sirentandan, li te deklare li prè pou “demare.”

## REPÒTE

Madam Robinson te envite obsèvatè yo aprann plis sou kandida yo epi gade anrejistreman tout diskisyon panèl yo nan [bostonpublicschools.org/supt-search](https://bostonpublicschools.org/supt-search). Nou ankouraje moun yo pou voye pa imel kòmantè yo bay Komite a vya [superintendentsearch@bostonpublicschools.org](mailto:superintendentsearch@bostonpublicschools.org). Komite a pral vote sou chwa yon kandida final nan yon reyinyon adistans 29 Jen a 5 p.m.

**Apwouve** - Nan apwoksimativman 7:40 p.m. Komite a te apwouve yon fason inanim yon mosyon pou ranvwaye reyinyon an pa yon konsantman inanim.

Ateste:



Elizabeth Sullivan  
Sekretè Egzekitif